



Pou Piblikasyon Imedya: 25/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO MEZI POU REDUI PREZANS MEDIKAMAN
ILISIT ZILAZIN AK ANPECHE OVÈDÒZ**

Bann tèz zilazin gratis yo disponib nan tout Eta New York

***Paj wèb Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon Eta New York la edike piblik la sou
zilazin ak repons a ovèdòz***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nouvo mezi pou adrese pwopagasyon zilazin (xylazine) nan Eta New York, sa gen ladan yon nouvo efò pou founi bann tèz zilazin gratis atravè pwogram [Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon](#) an ak [Biwo Sante Mantal](#), epi tou dirèkteman bay piblik la. Zilazin se yon sedatif ki pa opyoyid yo jwenn nan apwovizyonman medikaman ki pa reglemante ki gen enpak potansyèlman danjere sou sante, espesyalman lè yo ajoute l ak fentanil ki pwodui ilegalman. Zilazin pa reponn a naloksòn, sa ki lakòz ovèdòz fentanil konplike. Gen lòt [enfòmasyon edikatif](#) sou zilazin ki disponib kounye a sou sitwèb Komisè Biwo Eta New York pou Sèvis ak Sipò pou Adiksyon an.

"Zilazin se yon dwòg danjere ki ka lakòz konplikasyon sante grav, ki gen ladan lanmò nan ovèdòz, epi Eta New York kontinye pran mezi agresif pou adrese menas k ap grandi sa a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouvo efò sa yo pral sove lavi epi pote resous ki nesèsè anpil nan kominote ki kontinye ap fè eksperyans enpak kriz sa a k ap kontinye".

Nouvo sistèm pou fè kòmand lan pral pèmèt founisè yo ak rezidan Eta New York yo kòmande bann tèz atravè yon patenarya ak [NY MATTERS](#), epi li pral asire yon apwovizyonman kontinyèl zouti enpòtan pou rediksyon domaj sa a atravè Eta New York. Bann tèz sa yo fèt pou detekte prezans zilazin ki te melanje ak lòt sibstans, tankou kokayin oswa ewoyin.

Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) Eta New York la ap mete tèz zilazin yo disponib tou pou rezo founisè Sèvis Sansibilizasyon ak Angajman li yo atravè Eta a ak atravè pwogram fòmasyon kontinyèl li yo. Efò sa yo jwenn sipò atravè Fon Règleman Opyoyid Eta New York ak atravè yon Sibvansyon Federal pou Repons a Opyoyid nan Eta a. Pou jwenn aksè nan

enfòmasyon sou kòmand yo, founisè yo ka vizite [paj wèb OASAS pou rediksyon domaj](#) la.

Zilazin se yon depresè yo itilize an jeneral nan anviwònman veterinè, epi li pa gen entansyon oswa pa apwouve pou moun itilize. Pandan ke li souvan melanje ak fentanil, zilazin se pa yon opyoyid, epi kidonk li pa reponn a naloksòn. Sepandan, menm jan ak opyoyid, yo jwenn li de pli zan pli nan rezèv dwòg ki pa reglemante atravè peyi a, an patikilye nan nòdès la. Poutèt sa, gouvènman federal la deziyen li kòm yon [menas k ap parèt](#). Zilazin kapab anplis konplike ovèdòz fentanil oswa lakòz sedasyon pwolonje, lou, osi byen ke blesi po ki ka mande anpitasyon nan sityasyon grav.

Komisè Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) Eta New York la, Doktè Chinazo Cunningham, te deklare, "Prezans zilazin se yon enkyetid k ap grandi epi yo dwe pran mezi pou adrese pwoblèm sa a. N ap travay pou mete zouti enpòtan pou rediksyon domaj nan men founisè yo ak moun ki afekte nan adiksyon, sa ki ranfòse efò nou yo pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite".

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta New York, te deklare, "Zilazin se yon dwòg trè danjere ki te lye ak yon kantite lanmò akòz ovèdòz k ap grandi atravè nasyon an. Ogmante disponiblite bann tès zilazin ap ede nou sove lavi, epi mwen ankouraje tout founisè ki gen lisans OMH pou yo pwofite resous OASAS ak NY Matters ap ofri yo".

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Zilazin se yon dwòg terib ki te rann pi grav epidemi ovèdòz la nan kominote yo atravè New York, se poutèt sa mwen te sonnen alam zilazin epi te mande pran mezi pou konbat kriz sekirite piblik ak sante sa a. Administrasyon Biden te reponn ak deziyen zilazin kòm yon 'menas k ap parèt'. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li te pran mezi tou lè li te bay bann tès zilazin gratis nan tout eta a. Mwen pral kontinye travay ak lidè federal ak lidè eta yo pou elaji aksè a sèvis prevansyon, tretman, ak rekiperasyon pou konbat menas zilazin k ap grandi epi mwen p ap sispann goumen jiskaske ajans ki fè respekte lalwa ak sante piblik yo gen resous yo bezwen pou sispann sikilasyon ilegal dwòg sa a epi kenbe kominote nou yo an sekirite".

OASAS ap kontinye edike founisè yo ak piblik la an jeneral sou fason pou rekonèt epi reponn ak prevalans sibstans sa a. Anplis nouvo paj enfòmasyon pou piblik la, ajans lan te pibliye resamman [direktiv bay founisè yo](#) ak pibliye yon nouvo [pwogram fòmasyon](#) konsènan risk zilazin. Pwogram bann tès zilazin nan fè swivi a kreyasyon yon nouvo sistèm kòmand nan kòmansman ane sa a pou founisè yo jwenn bann tès fentanil ak naloksòn epi li fè pati efò OASAS ap fè pou elaji sèvis rediksyon domaj yo nan tout Eta New York.

Eta New York ap resevwa plis pase 2 milya dola atravè divès kalite akò règleman avèk fabrikasyon opyoyid yo ak konpayi famasetik yo ke Pwokirè Jeneral Letitia James te garanti. Yon pati finansman ki soti nan règleman sa yo prale dirèkteman nan minisipalite

yo, epi y ap depoze rès la nan yon fon ki dedye pou sipòte prevansyon, tretman, rediksyon domaj, ak efò rekiperasyon pou adrese epidemi opyoyid aktyèl la.

Menm lejislasyon an ki te etabli fon dedye a te kreye tou Komite Konsiltatif Fon Règleman Opyoyid la, ki gen responsablite pou l fè rekòmandasyon sou fason yo ta dwe asiyen lajan règleman an pou pi byen sèvi moun ki nan bezwen yo. Manm konsèy yo te bay premye rekòmandasyon yo nan 1 novanm 2022, yo te idantifye ekspansyon sèvis rediksyon ak tretman domaj kòm pi gwo priyorite yo.

Eta New York te mete sou pye yon apwòch agresif, ki gen plizyè branch pou rezoud epidemi dòz ekseksif la, epi li te kreye yon seri swen nasyonal pou adiksyon ak sèvis konplè prevansyon, tretman, retablisman ak rediksyon domaj. Eta a te travay pou agrandi aksè a sèvis tradisyonèl yo, ki genyen ladan yo pwogram sèvis kriz, pasyan ki entènè, pasyan ekstèn, ak pwogram tretman rezidansyèl, ansanm ak medikaman pou tretman adiksyon, epi tretman mobil ak sèvis transpò.

Gouvènè Hochul te yon manm Gwoup Travay sou Ewoyin ak Opyoyid nan Eta New York (NYS Heroin and Opioid Task Force) la ki, an 2016, te rekòmande nouvo sèvis ki pa tradisyonèl, ki genyen ladan yo sant retablisman yo, paviyon pou jèn yo, agrandi sèvis konpayon yo, ak sant aksè lib yo, k ap bay evalyasyon ak referans pou swen imedya. Depi lè sa, yo te etabli sèvis sa yo nan divès kominote ozalantou Eta a epi yo te ede moun ki nan bezwen yo jwenn aksè nan swen ki pi pre kote y ap viv la.

Biwo Sèvis ak Sipò kont Adiksyon Eta New York la sipèvize youn nan pi gwo sistèm swen pou twoub itilizasyon sibstans nan peyi a avèk anviwon 1,700 pwogram prevansyon, tretman, ak rekiperasyon k ap sèvi plis pase 731,000 moun chak ane. Sa gen ladan l operasyon dirèk 12 Sant Tretman kont Adiksyon kote doktè, enfimiyè ak anplwaye klinik nou yo bay anviwon 8,000 moun pa ane sèvis pou pasyan ki entènè ak sèvis rezidansyèl.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)